



Pou Piblikasyon Imedya: 12/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO AKÒDE 7 MILYON DOLA NAN KAD DEZYÈM FAZ INISYATIV DEVLOPMAN MENDÈV NEW YORK LA

42 òganizasyon pral resevwa finansman pou prim devlopman mendèv

Yo pral finanse fòmasyon pou konpetans sou demann yo pou plis pase 2,550 Nouyòkè

Aplikasyon adisyonèl yo aksepte sou baz kontinyèl epi yo ankouraje anpil òganizasyon pwofesyonèl yo pou aplike nan: workforcedevelopment.ny.gov

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 42 òganizasyon nan tout eta a te resevwa 7 milyon dola nan kad Inisyativ Devlopman Mendèv (Workforce Development Initiative, WDI) la. Seri prim sa a se premye gwoup ki fèt nan kad dezyèm faz finansman an, ki te kòmanse nan mwa out, epi ki mete 48 milyon dola disponib pou sipòte efò rejyonal estratejik ki ede Nouyòkè yo prepare ak jwenn bonjan kalite travay ki byen peye ak pou reponn ak bezwen akoutèm biznis yo antèm de mendèv, amelyore rezèvwa talan rejyonal yo, devlope aprantisaj epi reponn ak bezwen alontèm endistri k ap evolye yo. Yo kontinye aksepte aplikasyon yo atravè Pwosesis Aplikasyon pou Finansman Konsolide (Consolidated Funding Application Process) kontinyèl la.

Finansman ak ankourajman Depatman Travay (Department of Labor, DOL), SUNY ak CUNY te bay yo pral sipòte fòmasyon travay enpòtan ak opòtinite travay nan endistri ki gen gwo demann yo pou apeprè 2,550 Nouyòkè nan Eta a.

"Nou bezwen fè fas ak reyalite difisil ke pandemi an te kite twòp Nouyòkè toudenkou san travay epi y ap chèche nouvo konpetans pou reyevante tèt yo epi relanse karyè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Prim travay sa yo pral bay fòmasyon pou konpetans enpòtan, konekte Nouyòkè yo ak djòb ki gen anpil demann epi ki byen peye alavni, epi kreye amoni ant edikasyon, biznis, ak envestisman piblik ki pral akselere rekipasyon ekonomik eta nou an. Pou Nouyòkè yo ki te chase nan travay yo akòz pandemi an, oswa k ap deside sou pwochen etap karyè yo pandan tan ensèten sa yo, n ap konstwi yon nouvo New York ki merite talan ak anbisyon w yo."

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDC) New York la jwe yon wòl kle nan rekòmande aplikasyon pou finansman, sou

baz bezwen ak opòtinite ekonomik rejyonal yo. Biznis ak òganizasyon yo k ap resevwa prim pou Devlopman Mendèv gen ladan:

- **Distri Kapital:** SUNY Schenectady County Community College, NSH USA Corporation, Hudson Valley Community College
- **New York Santral:** Pyrotek Inc., Tompkins Cortland Community College
- **Finger Lakes:** Rochester General Hospital, eHealth Technologies, Helen & Gertrude Agency, Lifetime Assistance Inc., Optimax SI, ProAmpac, Greater Living Architects P.C., Monroe Community College, GW Lisk, Inc, Finger Lakes Community College
- **Long Island:** United Way of Long Island, Nicholas Center, We Connect The Dots, Inc., Catholic Health Services of Long Island, St. Francis Hospital, Parker Jewish Institute for Health Care and Rehabilitation, Nassau Community College, Developmental Disabilities Institute, East End Disabilities Associates, Family Residences and Essential Enterprises, Inc., Independent Group Home Living, Suffolk County Community College
- **Mid-Hudson:** Nicholas Center, Williams Lumber, ShopRite, Dutchess Community College
- **Mohawk Valley:** Mohawk Valley Community College, Universal Plastics, Masonic Care Community, Consolidated Precision Product, Indium Corporation, The Center, GPO Federal Credit Union, The Rescue Mission, C & H Plastics
- **Vil New York:** Grace Institute of New York, LaGuardia Community College, The Door - A Center of Alternatives, Inc., Bronx Community College Design Studio, Parker Jewish Institute for Health Care and Rehabilitation, Bronx Community College, We Connect The Dots, Inc.
- **Southern Tier:** H & E Stork Turbo Blading, Tompkins Cortland Community College, First Heritage Federal Credit Union, Corning Community College

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare,

"Devlopman mendèv se yon pati esansyèl nan plan rekipasyon ekonomik nan kad pandemi Gouvènè Hochul la. Inisyativ Devlopman Mendèv la mete Nouyòkè yo sou wout pou yo ka jwenn karyè sou demann yo atravè edikasyon, fòmasyon ak devlopman konpetans pandan l ap etabli yon rezèv travayè kalifye pou ede biznis yo satisfè demann yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou solisyon alontèm ki benefisye travayè yo ak biznis yo epi ki ankouraje ekonomi New York la."

Inisyativ pou Devlopman Mendèv

Inisyativ pou Devlopman Mendèv la te kòmanse an 2019 ak yon misyon pou l envesti 175 milyon dola nan tout Eta New York pou pwojè devlopman mendèv inovan, kreyatif ak pèsonalize nan nivo rejyonal. Prim yo nan kad Aplikasyon Finansman Konsolide sa a sipòte efò rejyonal estratejik ki reponn ak bezwen akoutèm biznis yo antèm de mendèv, reponn ak bezwen alontèm endistri yo, amelyore rezèv talan rejyonal yo, ranfòse fleksibilite ak adaptabilite nan antite lokal pou mendèv yo ak devlope opòtinite aprantisaj nan espas travay.

Nan premye faz finansman WDI a, yo te bay 225 òganizasyon plis pase 70 milyon dola pou sipòte endistri ki gen enpòtans reyjonal yo nan chan k ap emèje ki gen plis demann anplwa-- enkli enèji pwòp, syans lavi, syans enfòmatis, ak teknoloji avanse-- ansanm ak efò pou amelyore sekirite ekonomik la pou fanm, jèn travayè ak lòt popilasyon ki fè fas ak gwo obstak nan avansman pwofesyonèl. Finansman sipòte fòmasyon travay enpòtan ak opòtinite travay nan endistri ki gen gwo demann yo pou apeprè 51,000 Nouyòkè nan Eta a.

Nan dezyèm apèl pou aplikasyon sa a, Inisyativ pou Devlopman Mendèv la pral rasanble ansanm resous, plan ak pèspektiv plizyè ajans ak otorite nan eta a, Konsèy Rejyonal pou Devlopman Ekonomik la, konpayi san bi likratif ki bay fòmasyon ansanm ak anplwayè sektè prive yo pandan pandemi COVID-19 la.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Devlopman Mendèv la ak sibvansyon yo ki te anonse jiska jodi a nan workforcedevelopment.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)